

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna Ajén Kaagaman Kumpulan Carpon *Geus Surup Bulan Purnama* Karya Yous Hamdan (Ulikan Stukturalisme). Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun nganalisis 1) struktur kumpulan carita pondok *Geus Surup Bulan Purnama* jeung 2) Ajén-ajén kaagamaan dina kumpulan carita pondok *Geus Surup Bulan Purnama*. Data panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon Geus Surup Bulan Purnama nu jumlahna aya 12 judul. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Stanton, nu nétélakeun unsur pangwangun dina carita pondok nyaéta téma, fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, jeung latar) jeung sarana sastra (judul, puseur sawangan, jeung gaya basa). Dina ieu panalungtikan sarana sastra nu dipedar ukur judulna. Métode jeung téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode déskriptif analisis kalayan kualitatif.

Struktur nu aya dina buku kumpulan *Geus Surup Bulan Purnama* kaasup lengkep jeung variative. Ieu hal lantaran stukturna mibanda kajembaran boh dina téma, fakta carita, jeung sarana caritana. Unggal carita dina kumpulan carita *Geus Surup Bulan Purnama* miboga téma masing-masing kacatet aya 12 téma. Galur anu dipaké ku pangarang nya éta galur maju jeung galur campuran. Palaku nu kapaluruh dina unggal carita di antarana aya (Bilal, manéhna, Juragan Mantri, Bah Asik, Pa RT, Bah Somad, Dadang, Adun, Bah Dirja, Kuring, Ashim, Si Manyar), latar nu kapaluruh dina unggal carita pondok diantarana aya latar waktu jeung latar tempat. Sarana carita nu ngawengku judul kapaluruh aya 12 judul carita. Unggal judul miboga harti nu béda-béda.

Dina ieu carpon ajén kaagaman bisa dipaké dikahirupan sapopoé ku lantaran dina sababaraha eusina ngeunaan ahlak ka Allah, ahlak ka manusia, jeung ahlak ka kulawarga, sarta aya ogé tauhid jeung ibadah. Conto ahlak ka Allah dian eiu carpon nyaéta sakumaha waé sibukna ulah ninggalkeun ibadah ka Allah.

Jadi sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén ieu buku kumpulan carita pondok téh miboga struktur lengkep jeung variative lantaran réa kapanggih téma, fakta carita jeung sarana carita. Perkara struktur, antara sakabéh unsurna téh silih patali hiji jeung séjénna. Satuluyna perkara ajén-ajén kaagamaan dian ieu buku kumpulan

carpon *Geus Surup Bulan Purnama* loba ajén-ajén kaagamaan nu nyangkaruk di jerona.

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkeran. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkéran tina sababaraha aspék, di antarana waktu nu heureut, tapi tetep dipiharep aya kaonjoyanana dian ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana pikeun nambah pangaweruh jeung kamekaran élmu kasusastraan. Dumasar hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban ajén kaagaman, hususna dina karya sastra Sunda.

5.3 Saran

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta; 1) pikeun panalungtik satulunya, 2) pamaca, jeung 3) masarakat. Panalungtikan satulunya dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi tapak lacak pikeun panalungtikan nu leuwih jembar. Pamaca jeung masarakat dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pamahaman karya sastr saperti lloba maca hasil kajian sastra. Salian ti éta, ajén kaagamaan ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé di lingkuan masarakat, utamina masarakat Sunda.